



# Head Start/Early Head Start



Gratis  
pou  
fanmi ki  
elijib

Konplete aplikasyon an bonè pa garanti yo va seleksyone pitit-ou nan pwogram-la. Pwogram la ekzije yon entèvyou, an pèsonn, ak paran-an, pou nou ka konplete pwosesis la. Head Start/Early Head Start se yon pwogram ki resevwa finansman gouvènman federal epi elijibilite nan pwogram la baze sou direktiv federal ki apwouve revni fanmi. Pwogram la pa fonksyone selon prensip premye moun ki vini, se li yo sèvi.

## Dat ak orè pou soumèt Aplikasyon 2022-2023 Head Start/Early Head Start

1er Fevriye, 2022 rive 1er Mas, 2022

7 Mas, 2022 rive 16 Mas, 2022

Lendi-Jedi 8:30 a.m. rive 5:00 p.m. (Fasafas nan lekòl ak kote ki seleksyone)

Samdi 8:00 a.m. rive 12:00 p.m. (Sou Entènèt sesyon vityèl SÈLMAN)

## Aplike Kounyea!

### SOU RANDEVOU SÈLMAN

Tanpri vizite sit Entènèt nou pou fè yon randevou.

[www.browardschools.com/headstart-vpk](http://www.browardschools.com/headstart-vpk)

#### Kondisyon pou yon timoun elijib pou pwogram la

- Timoun ki pral nan pwogram Head Start dwe gen 3zan- oswa 4tran **1er Septanm, 2022** ou anvan 1er septanm.
- Pwogram Early Head Start asepte fanm ansent, timoun piti, tibebe rive laj 3zan.
- Pou kalifye pou pwogram la, revni (inkòm) fanmi an dwe nan kategori ti revni oswa pi ba, selon tablo revni, *US Department of Health & Human Services Poverty Guidelines*, apwouve.
- Se **SÈL paran/gadyen** ki dwe ranpli aplikasyon-an.

#### Dokiman w'ap bezwen pote lè ou vin aplike

- Prèw laj timoun nan (ORIJINAL batistè ki rele tou ak-denesans, sètifika nesans oubyen prezante paspò).
- Prèw ou se responsab legal (guardianship), si sa nesese.
- Paran/gadyen Kat idantifikasyon ki gen foto ou (Lisans chofè Leta Florid oswa Paspò).
- Prèw ou rete nan Broward County (domisil).
- Prèw **REVNI (INKÒM) CHAK MANB FANMI KI NAN KAY LA, ANE ANVAN (2021) OU 12 MWA ANVAN.**

#### Tanpri gade anba a lis dokiman ak fòm revni (inkòm) ki aseptab.

- 2021 Fòm Inkòm Taks 1040 - *Income Tax Form 1040*
- 2021 Souch chèk avèk total salè ou (pou tout ane a)
- 2021 Fòm W-2 (pou tout ane a)
- Dosye konpansasyon chomaj-*Unemployment Compensation Records*
- Dosye Asistans Piblik (TANF, W.A.G.E.S.) avèk montan epi nan ki dat ou te resevwa lajan an
- *Supplemental Security Income (SSI)* prezante Lèt ofisyèl sèlman avèk tout benefis ou te resevwa pou 2021 ou dènye 12 mwa yo
- Benefis *Social Security Benefits (SSA)* prezante Lèt ofisyèl sèlman (Award Letter) (pansyon oswa dizabilite)
- Fòm Verifikasyon anlwa, notarye. Anplwaye a ba ou fòm la.
- Fòm Lèt Deklarasyon Sipò Finansye, notarye, moun k'ap ede fanmi an ba-ou (*Notarized Letter of Financial Support Form*)
- Dosye benefis veteran - *Veterans benefits records*
- Dosye sipò timoun/alimoni - *Child Support/Alimony records*
- Dosye konpansasyon travayè- *Worker's Compensation records*
- Dosye alokasyon pou militè - *Military allotment records*
- Lajan ou resevwa pandan trening - *Training stipends*
- Sibvansyon, bous rechèch, bous

Pou plis enfòmasyon epi fè yon randevou, vizite sit Entènèt [www.browardschools.com/headstart-vpk](http://www.browardschools.com/headstart-vpk) oswa kontakte nou nan imel [headstart@browardschools.com](mailto:headstart@browardschools.com).



The School Board of Broward County, Florida Laurie Rich Levinson, Chair • Patricia Good, Vice Chair • Lori Alhadeff • Debra Hixon • Donna P. Korn • Sarah Leonardi • Ann Murray • Dr. Rosalind Osgood • Nora Rupert • Dr. Vickie L. Cartwright, Interim Superintendent of Schools

School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, eta sivil, nasyonalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Boy Scouts ak lòt gwoup ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman, ka rele Direktè, Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kodonatè Ekite Distri a/Kodonatè Title IX nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannman lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA) moun andikape ki bezwen akomodasyon ka rele depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. browardschools.com.